

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI**AVI KONSÈNAN ENTANSYON POU CHANJE AVANTAJ GADRI AK PEMAN KOTIZASYON FANMI**

DAT AVI A:	DAT CHANJMAN NAN AVANTAJ LA ANPLAS	NON AK ADRÈS AJANS/SANT OSWA BIWO DISTRI
NIMEWO DOSYE A	NIMEWO CIN	
NIMEWO DOSYE (Ak Non C/O si li genyen) AK ADRÈS		NIMEWO TELEFÒN JENERAL POU KESYON OSWA ÈD
		OSWA Reyinyon avèk Ajans lan
		Enfòmasyon sou Odyans san Paspouki ak Asistans 1-800-342-3334
		Aksè nan Dosye
		Enfòmasyon sou Asistans Jiridik

NIMEWO BIWO	NIMEWO INITE	NIMEWO TRAVAYÈ SOSYAL	NON INITE OSWA NON TRAVAYÈ SOSYAL	NIMEWO TELEFÒN TRAVAYÈ SOSYAL
-------------	--------------	-----------------------	-----------------------------------	-------------------------------

Ajans sa a gen entansyon chanje avantaj gadri ou yo. Avantaj ou gen kounye a ap fini epi yon nouvo avantaj ap kòmanse. Avantaj ou ap gen ladan sèvis yo bay jiska _____.

Nouvo avantaj la ap kòmanse avèk sèvis gadri yo bay _____ jiska _____.

Chanjman yo se: _____

Kòmantè:

**OU GEN DWA POU PATISIPE NAN YON KONFERANS AK/OSWA ODYANS POU KONTESTE DESIZYON SA A
LI DO AVI SA A POU JWENN ENFÒMASYON SOU FASON POU MANDE YON KONFERANS AK/OSWA POU KONTESTE DESIZYON SA A**

AVANTAJ:

Timoun:	Pou founisè sa a:	Pou montan: *	Travay a tan pasyèl/ travay a plen tan

* Peman yo ka varye selon fliktyasyon aktivite ki apwouve a ak/oswa absans ou yo.

KOTIZASYON FANMI AN. Ou responsab pou peye frè sa yo:

- Kòmanse _____, yo dwe peye yon **Kotizasyon Fanmi Chak Semèn** _____ pou yon montan \$ _____ pa semèn.
- Kòmanse _____, yo dwe peye yon **Lòt Kotizasyon Fanmi** _____ pou yon montan \$ _____ pa semèn.
- Kòmanse _____, yo dwe peye yon **Kotizasyon Fanmi Tribinal Òdone** _____ pou yon montan \$ _____ pa semèn, pou pitit _____.

Enfòmasyon sa yo se yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine kotizasyon pou fanmi an peye chak semèn.

Revni fanmi an avan dediksyon \$ _____

Mwens 100% estanda revni anyèl eta a pou yon fanmi _____ \$ _____
ki gen kantite moun sa yo

Revni ki rete \$ _____

Revni ki rete \$ _____ X kotizasyon fanmi an i% _____ % = \$ _____

\$ _____ /52 semèn= \$ _____ Kotizasyon fanmi an chak semèn

Tout kantite kotizasyon fanmi yo awondi a \$ 0.50 ki pi pre a. Gen yon minimòm kotizasyon fanmi \$1 chak semèn ki obligatwa. Nou retire frè sa a pou moun k ap resevwa Asistans Tanporè, ki gen pwoblèm sanzabri, oswa ki resevwa gadri pou yon timoun adoptif.

Men rezon pou desizyon sa a: _____

LWA AK/OSWA REGLEMAN YO ki pèmèt nou fè sa se:

Si ou pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal ou a, ou ka mande yon konferans ak / oswa yon odyans san patipri.

1. **KONFERANS:** Ou gen dwa pou ale nan yon konferans avèk depatman sèvis sosyal lokal ou a pou gade detèminasyon an yon lòt fwa ankò. Si ou vle yon konferans, ou ta dwe mande youn pi vit posib, paske rezilta konferans lan ka afekte desizyon ou pou mande yon odyans san patipri. Si ou vle yon odyans san patipri ak avantaj gadri ou a rete san okenn chanjman (èd k ap kontinye) jiskaske yo bay desizyon odyans san patipri a, ou dwe mande yon odyans san patipri avan DAT CHANJMAN NAN AVANTAJ LA ANPLAS ki endike devan paj avi sa a. Yon demann pou yon konferans pou kont li pa pral fè avantaj ou yo kontinye. Nan konferans lan, ou ka prezante enfòmasyon pou montre poukisa ou kwè aksyon ajans la pa kòrèk.

Pou mande yon konferans, ou kapab:

(1) **Rele:** _____ (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU LÈ W AP RELE A).

(2) **Ekri:** Tcheke ti kare ki anba a epi voye lè _____
Tanpri kenbe yon kopi pou ou.

Mwen vle yon konferans. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon papye apa poukisa ou pa dakò, men ou pa bezwen mete yon eksplikasyon alekri.

2. **ODYANS SAN PATIPRI:** Ou gen dwa pou patisipe nan yon odyans san patipri pou konteste kont detèminasyon depatman sèvis sosyal lokal la. Si ou vle patisipe nan yon odyans san patipri, ou gen 60 JOUR apre DAT AVI a, ki devan paj la, pou fè yon demann. Si ou pa vle avantaj gadri ou chanje jiskaske yo bay desizyon odyans san patipri a, ou dwe mande yon odyans san patipri anvan DAT CHANJMAN NAN AVANTAJ LA ANVIGÈ a ki devan paj avi sa a. Ou pa oblije mande yon konferans anvan ou mande yon odyans san patipri.

Ou ka mande pou kenbe avantaj gadri ou yo san chanjman jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a. Si w mande pou avantaj ou yo pa chanje jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a, epi ou pèdi odyans san patipri a, ou pral touche plis pase sa ou sipoze a. Depatman sèvis sosyal lokal la pral eseye rekiperè avantaj ou te resevwa an plis la nan men ou kote yo pral diminye avantaj gadri ou yo. Pou fè sa yo pral swa touche nan men ou an yon sèl fwa, pa moso, oswa nan aksyon devan lajistis.

Pou mande yon odyans san patipri, ou kapab:

(1) **Rele:** 1-800-342-3334 (TANPRI OU DWE GEN AVI SA A NAN MOMAN OU RELE A).

(2) **Sou Entènèt:** Pou voye demann odyans san patipri ou sou entènèt, ale nan <http://otda.ny.gov/hearings/>, klike sou ki pou mande pou yon odyans san patipri ak fòm sou entènèt al, epi swiv enstriksyon pou ranpli epi soumèt fòm lan sou entènèt.

(3) **Ekri:** Tcheke bwat la epi ranpli enfòmasyon ki anba a. Voye li pa lapòs bay New York State Office of Administrative Hearings, Office of Temporary and Disability Assistance, P.O. Box 1930, Albany, New York, 12201-1930. Tanpri kenbe yon kopi pou ou.

(4) **Faks:** Tcheke bwat la epi ranpli enfòmasyon ki anba a. Faks toude pati fòm sa a bay (518) 473-6735.

Mwen vle yon odyans san patipri. Mwen pa dakò avèk aksyon ajans lan. Ou ka eksplike sou yon papye apa poukisa ou pa dakò, men ou pa bezwen mete yon eksplikasyon alekri.

Chwazi youn.

PA chanje avantaj sèvis gadri pitit mwen jiskaske yo pran yon desizyon nan odyans san patipri a.

Chanje avantaj gadri mwen nan dat anvigè ki endike nan vi sa a, pandan n ap tann desizyon odyans san patipri a.

Non: _____

Distri: _____

Adrès: _____

Nimewo Dosye a: _____

Nimewo Telefòn: _____

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta a ap voye yon avi ba ou pou fè ou konnen kilè ak kikote odyans lan ap fèt. Ou gen dwa pou fè yon avoka, yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun reprezante ou. Ou ka reprezante tèt ou tou. Nan odyans lan, avoka ou a oswa lòt reprezantan ou a ap jwenn opòtinite pou prezante prèv ekri ak prèv vèbal pou montre pou kisa nou pa ta dwe pran desizyon an. L ap jwenn opòtinite tou pou kesyone nenpòt moun ki prezante nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen ki pou pale anfavè ou. Ou dwe pote nan odyans lan tout dokiman, tankou avi sa a, souch chèk, resi, bòdwo gadri, verifikasyon medikal, lèt, elatriye ki ka ede nan prezante dosye w lan.

ÈD JURIDIK: Si ou bezwen èd legal gratis, ou ka gen posiblite pou jwenn èd la depi ou kontakte Sosyete Èd Jiridik (Legal Aid Society) zòn ou oswa lòt gwoup avoka. Ou ka chèche Sosyete Èd Jiridik oswa gwoup avoka depi ou tcheke Paj Jòn anba "Lawyers" (avoka) oswa depi ou rele nimewo ki endike anwo premye paj avi sa a.

AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN YO: Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen yon dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri nou, n ap voye ba ou kopi dokiman dosye ou yo pou gratis, epitou se dokiman sa yo n ap bay Ofisye Odyans lan nan Odyans san Patipri a. Pou mande dokiman yo oswa pou chèche konnen kijan pou w gade nan dosye w lan, rele nou nan nimewo telefòn ki endike anwo paj avi sa a oswa ekri nou nan adrès ki sou premye paj avi sa a. Epitou, si ou rele oswa ekri nou, n ap ba ou kopi lòt dokiman ki nan dosye ou pou gratis, dokiman ou kapab bezwen pou prepare pou odyans patipri ou a. Si ou vle kopi dokiman ki nan dosye ou, ou dwe mande yo davans. N ap ba ou yo nan yon dèle rezonab anvan dat odyans lan. N ap voye dokiman yo pou ou nan kourye lapòs **sèlman** si ou fè yon demann espesyal pou sa.

ENFÒMASYON: Si ou vle jwenn enfòmasyon sou dosye ou, enfòmasyon sou fason pou mande yon odyans san patipri, oswa enfòmasyon sou fason pou resevwa lòt kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki anlè paj en avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj en avi sa a.

ADANDÒM NAN AVI KONSÈNAN ENTANSYON POU CHANJE AVANTAJ GADRI AK PEMAN KOTIZASYON FANMI - KALKIL KALIFIKASYON FINANSYÈ

Dat Kòmansman: _____
 Non ki sou Dosye a: _____
 Nimewo Dosye a: _____

Montan ou peye pou kotizasyon fanmi an te chanje de _____ ak _____.

Anba la a se sous revni yo itilize pou kalkile revni fanmi ou ak kalkil yo itilize pou detèmine kotizasyon fanmi an. Tanpri tcheke enfòmasyon ki anba a. Si gen yon erè kontakte travayè sosyal ou ki sou premye paj avi sa a.

Yo te detèmine revni brit total chak mwa fanmi ou nan sous sa yo:		
<input type="checkbox"/>	Salè (18 NYCRR § 404.5 (b) (5) (i)) anvan taks pou:	\$ _____ pa mwa.
<input type="checkbox"/>	Sekirite Sosyal (18 NYCRR §404.5 (b) (5) (iv)) pou:	\$ _____ pa mwa.
<input type="checkbox"/>	Sipò Timoun (18 NYCRR §404.5 (b) (5) (xi)) pou:	\$ _____ pa mwa.
*Lòt revni ki pa nan lis pi wo a jan sa defini nan règleman Eta New York		
<input type="checkbox"/>	18 NYCRR §404.5 (b) (5) pou:	\$ _____ pa mwa.
Revni total fanmi w la chak mwa :		\$ _____ pa mwa.

Enfòmasyon sa yo se yon eksplikasyon sou fason yo te detèmine kotizasyon pou fanmi an peye chak semèn.			
Revni total fanmi an pa mwa	\$ _____	X 12 mwa =	\$ _____ Revni Anyèl
Revni fanmi an avan dediksyon	\$ _____		
Mwens 100% estanda revni eta a pou yon fanmi ki	\$ _____		
Revni ki rete	\$ _____		
Revni ki rete	\$ _____	X kotizasyon fanmi an i%	_____ % = \$ _____
\$ _____	/52 semèn=	\$ _____	Kotizasyon fanmi an chak semèn.

Kantite moun nan fanmi an	100% anyèl eta revni estanda
1	
2	
3	
4	
5	
6	
7	
8	

Pou fanmi ki gen plis pase 8 moun, ajoute \$ _____ pou chak moun anplis.

*Lòt revni ki pa nan lis pi wo a epi ki defini nan règleman Eta New York 18 NYCRR 404.5(b)(5) yo defini kòm men se pa sa sèlman sa ki annapre yo: revni nèt pou travayè endepandan, ki pa nan travay agrikòl sa vle di resi brit mwens depans nan pwòp biznis ou, antrepriz pwofesyonèl oswa patenarya; oswa revni nèt nan travay agrikòl endepandan, sa vle di resi yo mwens depans operasyon nan operasyon an nan yon antrepriz pa yon moun sou pwòp kont li, kòm pwopriyete, lokatè oswa demwatye oswa dividann, enterè (sou ekonomi oswa obligasyon) revni nan byen oswa twòs, revni nan lwaye oswa royalties, asistans piblik (PA) oswa peman asistans sosyal yo gen ladan peman PA tankou peman pou PA, SSI ak soulajman kay oswa pansyon ak anwite ki gen ladan pansyon oswa avanaj retrèt ou peye pou yon moun retirete oswa sivivan yo; oswa konpansasyon pou chomaj, konpansasyon travayè; oswa pansyon alimantè; oswa pansyon veteran.